МКОУ «Стальская гимназия»

Рассмотрено :

Зам. директора по ВР

_______________

Гимбатова М.Д.

« 29 » 08.2023

Утверждаю :

Директор МКОУ

«Стальская гимназия»

_______________

Гаджимагомедов М.Я.

«29 » 08. 2023

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родному (аварскому) языку

## 3 класс (68 ч)

Учитель- Гусейнова Г.О.

2023-2024 учебный год

## Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвадачIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги Х1.С. Вакиловасул авторскияб программаги кьочIое росун.

**Рабочая программа составлена на основе следующих нормативно - правовых документов:**

1. Федеральный закон от 29.12.2012 г. № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации»;

2. Федеральный государственный стандарт начального общего, основного общего и среднего (полного) общего образования, утв. Приказом Министерства образования и науки РФ от 17.12.2010 г. № 1897;

3. Концепции духовно-нравственного развития и воспитания личности гражданина России.- М.: Просвещение, 2011.

4. СанПиН 2.4.2.2821-10 "Санитарно-эпидемиологические требования к условиям и организации обучения в общеобразовательных учреждениях". Постановление № 189 от 29.12.2010г.

5. Федерального перечня учебников, рекомендованных Министерством образования и науки Российской Федерации к использованию в общеобразовательном процессе в образовательных учреждениях от 31.03.2014 года № 253.

6. Положения «О структуре и порядке разработки и утверждения рабочих программ учебных предметов по ФГОС второго поколения». Приказ № 1577от 31.12.2015г.

7. Региональный учебный план для образовательных учреждений Ботлихского района реализующих программы начального общего, основного общего и среднего (полного) общего образования, на 2018-2019 учебный год;

8. Положение о рабочей программе педагога МКОУ «Стальская гимназия»

9. Учебный план МКОУ «Стальская гимназия» на 2023-2024 учебный год

10. Авторской программы Вакилов Г.С. Махачкала 2017г

**Учебно-тематический комплект:**
3 класс - Х1.С.Вакилов «Авар мац1»

Байбихьул школалда авар мацІ лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 270 сагІат:

3 – классалда авар мацІалъул дарсазе 68 сагІат кьун буго ( 34 цІалул анкь, анкьида жаниб 2 сагІат)

**Курс лъазабун лъугІун хадуб кьолел хІасилал**
**Напсиял хІасилал:**
школалдехун ва цІалиялдехун бугеб бербалагьи цІикІкІинаби;

мугІалимасул, цадахъ цІалулел гьалмагъзабазул ва эбелинсул

рахъалъан щвараб къиматги хІисабалде босун, жинца жиндиего къимат кьезе бажари;

инсанасул напсалъул лъикIаб хасиятги обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб рахъ лъалеблъиги бихьизабулел кIвар ва магIна бугел мурадал цере лъей.

**Метапредметиял хIасилал:**

рахьдал мацI гъваридго лъазабиялдалъун сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIи;

цо сундулниги анализ гьабизеги, гьеб гIаммлъизабизеги, тIелаздебикьизеги, релълъаралда дандекквезеги, гьелъулъ къваригIараб жо балагьизеги, гьеб хисизеги бугеб бажари лъугьин;

информациялъулаб культураялда бухьарал (ай цIализе, хъвадаризе, цIалул тIехьгун хIалтIизе бугел) бажариял куцай;

цо сундулниги план гьабизе, гьелда хадуб хал кквезе, гьелъие къимат кьезе, мухIканго мурад лъезе, гъалатIал ритIизаризе бугеб бажари лъугьин;

мацIалъул бечелъи бичIчIи ва щулияб гьоркьоблъи гьабизе гьелдаса пайда босизе бажари;

хурхен гьабиялъул батIибатIиял масъалаби тIуразариялъе гIоло каламалъул ва мацIалъул алатал хIалтIизаризе щвалде щун лъай;

**Предметиял хIасилал:**

Рахьдал мацIалъул курс лъазабулаго, лъабабилеб классалъул цIалдохъаби ругьунлъула:

авар мацIалъе хасиятал гьаркьал (хIарпал): хl, гь, кь, къ, ml ва гь. ц., гьединго геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел хIарпал къосинчIого ритIун рахъизе ва гьел гъорлъ ругел рагIаби, предложениял, гъалатI биччачIого, чвахун цIализе;

рагIаби, предложениял, 40–50 рагIи бугел текстал, гъалатIал риччачIого, битIун хъвазе;

рагIул фонетикияб разбор гьабизе: рагIаби слогазде риххизе, ударение бугелги гьечIелги слогал ратIа рахъизе, рагьарал ва рагьукъал хIарпал ратизе, рагIулъ гьезул къадар чIезабизе;

рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе (кьибил, аслу, суффикс, ахир ратIа рахъи);

батIибатIиял каламалъул бутIабазул кьибил цоял рагIаби тIаса рищизе;

каламалъул бутIаби ва гьезул грамматикиял гIаламатал рихьизаризе;

предметиял цIаразул гIемерлъул форма лъугьинабизе;

предметиял цIарал падежазде сверизаризе;

предметияб цIаралъул жинсалда ва формаялда рекъон прилагательноял жинсазде ва цолъул ва гIемерлъул формаялде хисизе;

къадаралъул ва иргадул рикIкIенал цоцаздаса ратIа рахъизе ва гьел битIун хъвайзе;

глаголал заманабазде хисизе;

текстазулъ синонимал ва антонимал ралагьизе ва хIалтIизаризе (терминал чара гьечIого лъазе кколаро);

предложениялда жаниб суалаздалъун рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе, рагIабазул дандраял ратизе;

предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе (Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениязул тайпаби рихьизаризе, бетIерал ва бетIерал гурел членал ратIа рахъизе, суалазул кумекалдалъун гьезда гьоркьоб бухьен чIезабизе, гIадатаб тIибитIараб ва кIиго предложениялдасан гIуцIараб жубараб предложение бихьизабизе);

предложениялъул интонация цIунизе;

текст бутIабазде биххизе, магIна бугеб тексталъул бутIа цIияб мухъидаса хъвазе;

тексталъулъ предложенияздa гьоркьоб бухьен чIезабизе;

темаяда мугъги чIван, тексталъе цIар лъезе, тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе;

рагIабазул дандраялъулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагIи батизе;

киназго цадахъ гIуцIараб планалда рекъон ругьунлъиялъул изложение хъвазе;

тексталъул тайпа бихьизабизе, ай хабариял, сипатиял ва пикриял текстал цоцаздаса ратIа рахъизе;

цебекунго хIадурлъиги гьабун, тIабигIаталъухъ халккведлъул хIакъалъулъ, сюжетияб сураталда тIаса сочинение хъвазе;

лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипатсурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, текст гIуцIизе.

## Авар мацIалъул курс

**КIиабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби**
МацIалъул ва каламалъул бутIа хIисабалда текст, предложение ва рагIи. Предмет, предметалъул гIаламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел рагIаби. Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Е, ё, ю, я рагьарал хIарпал. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал

**Предложение. РагIабазул дандрай.**
Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тIалабияб. Интонациялде балагьун, ахIул предложение. Предложениялъул бетIерал членал: подлежащее, сказуемое ва битIараб дополнение. Предложениялъул бетIерал гурел членал. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. ГIадатал тIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял. Предложениялъул ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишара. ГIадатал ва журарал предложениял. РагIабазул дандрай. РагIабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагIи. РагIабазул дандраязулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

**Текст.**
Текст, тексталъул гIаламатал: тема, аслияб пикру загьир гьаби, цIар лъей.

**РагIул гIуцIи.**
МагIна гIагарал рагIаби. РагIул магIнаял бутIабазул (кьибилалъул, ахиралъул, аслуялъул ва суффиксалъул) хIакъалъулъ гIаммаб бичIчIи. Ахиразул кумекалдалъун рагIул форма хисиялда ва суффиксазул кумекалдалъун цIиял рагIаби лъугьиналда хадуб хал кквей. Кьибил цоял рагIаби ва цого цо рагIул формаби (дандекквей). РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хисабасиял (лъайхъвай гьаби).

**Лексика.**
РагӀул лексикияб магӀна (гӀаммаб бичӀчӀи). ГӀемер магӀнаялъулал рагӀаби. БитӀараб ва хъвалсараб магӀнаялда рагӀаби хӀалтӀизари. Синонимал. Антонимал.

**Каламалъул бутӀаби.**
Предметияб цӀаралъулгун, прилагательноялъулгун, глаголалъулгун, рикӀкӀеналъулгун, цӀарубакӀалъулгун , наречиялъулгун гӀаммаб лъайхъвай гьаби.

**Предметияб цӀар.** Предметияб цӀаралъул магӀна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тӀубалеб хъулухъ. Хасал ва гӀаммал предметиял цӀарал. Хасал предметиял цӀаразул бетӀералда кӀудияб хӀарп. Предметияб цӀаралъул жинс: чиясул, чӀужуялъул ва гьоркьохъеб. Предметияб цӀаралъул цолъул ва гӀемерлъул форма. ГӀицӀго цолъул формаялда хӀалтӀизарулел яги гӀицӀго гӀемерлъул формаялда хӀалтӀизарулел предметиял цӀарал. Предметиял цӀарал падежазде свери (асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п. ва жинда п.)
**Прилагательное.** Прилагательноялъул магӀна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тӀубалеб хъулухъ. Прилагательноялгун предметиял цӀарал рухьун рукӀин. Цого яги гӀагашагараб магӀнаялъулги гӀаксаб магӀнаялъулги прилагательноял. Прилагательноялантонимал каламалъулъ хӀалтӀизари. Прилагательноял жинсазде хиси. Прилагательноял формабазде хиси.
**РикӀкӀен.** РикӀкӀеналъул магӀна ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?). Къадаралъул ва иргадул рикӀкӀенал ва гьезул битӀунхъвай.
**Глагол.** Глаголалъул магӀна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тӀубалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъайхъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб цӀаргун рекъон ккей. Глаголалъул мурадияб форма. Глаголал заманабазде хиси: бачӀунеб, гьанже, араб, гӀахьалаб заман. Цого яги гӀагашагарал магӀнаялъул глаголалги гӀаксаб магӀнаялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва гӀемер магӀнаялъул глаголал. БитӀараб ва хъвалсараб магӀнаялъул глаголал каламалъулъ хӀалтӀизари.
**Текст. Бухьараб калам цебетӀезаби.**

Тексталъул (яги каламалъул) тайпабазул гІаммаб бичІчІи: хабарияб текст, сипатияб текст, пикрияб текст. Ишалъулабги художествиябги калам. ЦІалараб текст бутІабазде биххизе ва гьезда цІарал лъезе бажари. Киназго цадахъ яги жинцаго гІуцІараб плаunion рекъон, хабарияб изложение хъвай. Сюжет гьечІелги сюжеталъулалги суратаздаса харбал херхине лъай (бицунги хъванги). Жидер расандабазул, тІабигІаталда хадуб халкквеялъул, рекІелгъеялъул, экскурсиязул, гьудул-гьалмагъзабазул хІакъалъулъ къокъго бицине бажари. Лъилниги, сундулниги хІакъалъулъ сипатсурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, къокъаб сочинение хъвазе лъай. Жиндир ишазул хІакъалъулъ гьитІинабго кагъат хъвазе лъай.

**ЛъагІалида жаниб малъараб материал лъазаби.** Текст ва предложение. РагІул магІнаял бутІаби. Каламалъул бутІаби.

**Берцинго хъвай.**

Берцинго хъвазе, хатІ куцазе цересел классазда щвараб бажари щула гьаби. Хъвазе захІматал гьитІинал ва кІудиял хІарпазул ва гьезул цолъиязул мисалиял группаби:

I) з, к, ж, в, ч, б, д, у, я, кІ, къ, кь, кв;

2) Г, П, Т, Р, З, Е, Ю, У, Д, Ф, К, В, КІ, Кь, Къ, Кв;

3) Пп, Чч, Рр, Вв, Ее, Зз, Уу, Къкъ, Кькь, КІкІ, Кв, ккв, Ол, ое, во, вл, се, ква, хІу, хІо, гьа, гье, гьо, цІ, Щв, ХІа, Гьи, Гьо, ТІа, Ге, Бе, КІа.

ГьитІиналго текстал, предложениял, рагІаби берцинго ва рацІцІадго хъвазе ругьун гьари.

**БитІун хъвазе захІматал рагІаби:** хІукму, сихІру, макру, гІазу, магІу, макьу, сабру, гІакълу, рагьу, квердаххелал, квасквас, габурбухь, рицІигъветІ, рицІимахІу, гІачимухъ, цІоросарикІкІ, цІумагъеду, ордек, председатель, приказ, радио, общество, солдат, республика, автономия, агъазгьечІ, адабхъатир, бижарабжо, годекан, гьабугьин, гьабсагІат, гІададакъад, эбелинсул, костюм, кІийихъан, кІикІвенкь, кІиабилеб, анцІила лъабабилеб, анцІила щуго.

Учебно-тематикияб план

| № х/ц | Главаялъул ц1ар | Саг1тал |
| --- | --- | --- |
| 1. | КIиабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби | 7 |
| 1. | Предложение. РагIабазул дандрай. | 12 |
| 1. | Текст | 1 |
| 1. | РагIул гIуцIи | 11 |
| 1. | Каламалъул бутIаби | 3 |
| 1. | Предметияб цIар | 12 |
| 1. | Прилагательное | 6 |
| 1. | РикIкIен | 2 |
| 1. | Глагол | 13 |
| 1. | ЛъагIалида жаниб малъараб материал лъазаби | 1 |
|  | Кинабниги | 68 |

**Календарно-тематикияб план**

| № х/ц | Дарсил тема | Саг1ат | Бихьизабураб къо | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Программияб къо-моцI | ХIужжаялъулаб къо-моцI |
| 1. | Такрар гьаби | 1 | | |
| 1. | Калам. Текст. | 1 | | |
| 1. | Предложение . РагIи. | 1 | | |
| 1. | ТIасабищул диктант. | 1 | | |
| 1. | Гьаркьал ва х1арпал. | 1 | | |
| 1. | К1ирекъарал ва лабиалиял гьаркьал. | 1 | | |
| 1. | Предложениялъул хIакъалъулъ баян. | 1 | | |
| 1. | Эркенаб диктант | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Хабарияб , суалияб ва тIалабияб предложениял. | 1 | | |
| 1. | АхIул предложениял. | 1 | | |
| 1. | Х1алтаби гьари. | 1 | | |
| 1. | РагIабзул диктант | 1 | . | |
| 1. | Предложениялъул бетIерал ва бетIералгурел членал. | 1 | | |
| 1. | Предложениязулъ рагIабазул бухьен. | 1 | | |
| 1. | ХIалтIаби гьари № 68-75 | 1 | | |
| 1. | Контролияб диктант. | 1 | | |
| 1. | РагIабазул дандрай. | 1 | | |
| 1. | МагIна гIагарал рагIаби. | 1 | | |
| 1. | РагIул ахир ва аслу. | 1 | | |
| 1. | Творческияб диктант | 1 | | |
| 1. | ХIалтIаби гьари № 95-100 | 1 | . | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Суффикс. | 1 | . | |
| 1. | РагІул аслуялъул гьаркьазул хиси | 1 | | |
| 1. | Лъазабиялъул диктант. | 1 | | |
| 1. | ХІалтІаби гьари № 118-126 | 1 | | |
| 1. | Каламалъул бутІаби. | 1 | | |
| 1. | Предметияб цІар. | 1 | | |
| 1. | Диктант | 1 | | |
| 1. | ГІаммал цІарал. | 1 | | |
| 1. | Хасал цІарал. | 1 | | |
| 1. | Предметияб цІаралъул жинс. | 1 | | |
| 1. | Контролияб диктант. | 1 | . | |
| 1. | Малъараб такрар гьаби. | 1 | | |
| 1. | Предметияб цІар формабазде хиси. | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. | ХIалтIаби гьари № 186-192 | 1 | . | |
| 1. | РагIабазул диктант. | 1 | | |
| 1. | Предметияб цIар падежазде свери. | 1 | | |
| 1. | ХIалтIаби гьари № 205-210 | 1 | | |
| 1. | Прилагательное. | 1 | | |
| 1. | Берзул диктант. | 1 | | |
| 1. | ХIалтIаби гьари №221-229 | 1 | | |
| 1. | Прилагательное жинсазде хиси. | 1 | | |
| 1. | Прилагательное формабазде хиси. | 1 | | |
| 1. | ТIасабищул диктант | 1 | | |
| 1. | РикIкIен. | 1 | | |
| 1. | Глагол. | 1 | | |
| 1. | ХIалтIаби гьари № 268-283 | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Творческияб диктант. | 1 | | |
| 1. | Глагол заманабазде хиси. | 1 | | |
| 1. | Араб заман. | 1 | | |
| 1. | БачIунеб заман. | 1 | . | |
| 1. | Халгъабиялъул диктант. | 1 | | |
| 1. | ГIахьалаб заман. | 1 | . | |
| 1. | Гьанже заман. | 1 | | |
| 1. | ХIалтIаби гьари | 1 | | |
| 1. | Лъазабиялъул диктант. | 1 | | |
| 1. | ХIалтIаби гьари № 323-328 | 1 | | |
| 1. | Предложение такрар гьаби. | 1 | | |
| 1. | Текст. | 1 | | |
| 1. | Диктант | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. | РагIул гIуци. | 1 | | |
| 1. | Каламалъул бутIаби. | 1 | | |
| 1. | ХIалтIаби № 352-363 | 1 | | |
| 1. | Доскаялдаса текст хъвай. | 1 | . | |
| 1. | ТIехьалдаса тIасахъвай. | 1 | | |
| 1. | Хъвазе захIматал рагIаби. | 1 | | |
| 1. | Контролияб диктанталъе хIадурлъи. | 1 | | |
| 1. | Контролияб диктант | 1 | . | |

МКОУ «Стальская гимназия»

Рассмотрено :

Зам. директора по ВР

Гимбатова М.Д.

« 29 » 08.2023

Утверждаю :

Директор МКОУ

«Стальская гимназия»

Гаджимагомедов М.Я.

«29 » 08. 2023

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родной (аварской) литературе
## 3 класс (34ч)

Учитель- Гусейнова Г.О.

2023-2024 учебный год

Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилазулги, обществоялда чиясул хьвада-чIвадиясул къагIидабазда бухьараб концепциялъулги, Байбихьул школалъул лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандарталъулги кьучIалда. Адабияб цIали байбихьул школалъул системаялда аслиял предметазул цояб ккола. Гьелъ рахьдал мацIалда цIалиялъул махщел ва тексталда тIад хIалтIиялъул бажари лъугьинабула, художествияб литература цIалиялде интерес бижизабула ва лъимералъе рухIияб ва эстетикияб тарбия кьезе, гьесул гIакълу цебетIезабизе квербакъула. Гьединго литературияб цIалиялъул курс тIадегIанаб даражаялда лъазабиялъ рес кьола байбихьул классазул цогидал предметазда лъикIал хIасилал рихьизаризе.

Байбихьул школалъул литературияб цIалиялъул курс буссун буго гьал хадусел мурадал тIуразариялде:

- бичIчIун, битIун, чвахун ва пасихIго цIализе гъваридго лъазаби; батIибатIиял тайпабазул текстазда тIад хIалтIизе бажаруледухъ, калам цебетIезаби;

тIехьалдехун ва цIалиялдехун бугеб интерес щулалъизаби;

цIалиялъул даража борхизаби ва, жалго жидедаго чIун, асарал цIалиялъульги къваригIараб тIехь тIаса бищиялъулъги хIалбихьи букIинаби;

- художествиябгин творчествоялъулаб ва нахъгIунтIиялъулаб пагьмуги, художествиял асарал цIалулаго, чидае рекIел асар загьир гьабизе бугеб бажариги цебетIезаби;

рагIудехун берцинаб (эстетикияб) балагьи лъугьинаби ва художествияб асар бичIчIизе бажари;

- художествиял асараздалъун байбихьул классазул цIалдохъабазул рухIияб хIалбихьи бечелъизаби; рухIияб асаралъул ва гьудуллъиялъулги, жавабчилъиялъулги, лъикIлъиялъулги, ритIухълъиялъулги хIакъалъулъ бичIчIиял куцай;

Дагъистаналъул ва цогидал миллатазул культураялъул адаб-хъатир гьабизе цIалдохъаби куцай. Байбихьул школалда предмет хIисабалда литературияб цIалиялъ лъимал цIализариялъул гуребги, гьезие тарбия кьеялъулги масъалаби тIурала.

**III** классалда текстал рагIабиккун ритIун, ричIчIун ва чвахун цIалула. ЦIалулаго, логикияб ударение лъезе, кколелъуб лъалхъи гьабизе, интонация цIунизе. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб 50–60 рагIуде бахуна.

# Авар калам 3 класс

| № | **Къо – моц1** | **Тема** | **Темаялъе баян** | **Гьаризе кколел х1алт1абазул тайпаби** |
|---|---|---|---|---|
| 1 | . | Маг1арулазул ват1ан. Бокьула раг1изе маг1арул калам. | Литературияб цIалул учебникалъулгун лъай-хъвай гьаби. Учебникалъул шартIиял ишараби. | Литературияб цIалул тIехь лъикI лъазе. Иллюстрациязухъ (ай суратазухъ) лъикI балагьизе, учебникалъулъ ругел |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | текстазул хIасилазда гьел суратал рухьизе. Кьурал тIадкъаял тIуразарулаго, шартIиял ишараби лъазе ва гьездаса пайда босизе. Учебникалъулъ къваригIараб тема ва къваригIараб асар батизе. Темаялъулъ кьураб материал гьелъул цIаралда бухьараб букIин чIезабизе. КечI рекIехъе лъазабизе. |
| 2 | | Рии. Рии рак1алде щвей Колхозалъул магъилъ. Чвахунц1ад. | Риидалил тIабигIат цебечIезабулел<br><br>Дагъистаналъул рагIул устарзабазулги халкъиял асараздасаги къокъал кучIдул<br><br>ва харбал. | Харбал рагIун тIурарал рагIабиккун цIализе; кучIдул пасихIго цIализе,<br><br>интонациялдалъун, цIалул хехлъиялдалъун ва гьаркьил къуваталдалъун рекIел хIал бихьизабизе. |
| 3 | | Риидал муг1рузда. Риидал маг1арул росулъ. | Риидал лъимал хIалтIараб, гьез хIухьбахъи гьабураб куцалъул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, гара- | Суалазда рекъон цо сундулниги хIакъалъулъ къокъаб хабар гIуцIизе. Хабаралъул хIасилалда тIасан лъурал суалазе жавабал |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | чIвариял. | кьезе. |
| 4 | | Лъар щвей. Ц1ад. Нуралъул к1амури. | Асаралъул героясе характеристика кьей | Асаразул героял рихьизаризе, герояз гьарулел ишазул анализ гьабизе ва гьел ишал ритIухъ гьаризе гIилла бачине. Героязе къимат кьезе. |
| 5 | | Г1ухьбузул ц1адухъ. Мокъокъил т1анч1и. | XIайваназул ва хIанчIазул хIакъалъулъ къокъал кучIдул, харбал, маргьаби ва<br><br>бицанкIаби. Гьел цIуниялда ва гьезул гIумруялда, бетIербахъиялда тIасан гарачIвари. Планалда, суалазда<br><br>рекъон хабар бицин. Маргьабазул художествиял хаслъаби, маргьадулал героязе характеристика кьей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Асаралда тIад тIобитIулеб хIалтIул<br><br>план гьабизе, дарсида гьабулеб хIалтIул тайпа тIасабищизе. Асарал рагIизабун цIалиялдаса дагь-дагькkун сасун цIалиялде рачIине. Цогидас цIалулеб асар гIенеккун дандрекъон кколеб хIалалъ бичIчIизе.<br><br>Художествиял ва нахъгIунтIиялъулал текстал<br><br>дандекквезе. XIайваназул |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | НахъгIунтIиялъул тексталъул хаслъи.<br><br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | хIакъалъулъ хъварал харбал ва маргьаби дандекквезе. Лъугьа-бахъиналъул тартиб<br><br>чIезабизе. |
| 6 | | Муг1рузда сордо. Дагъистаналъул т1абиг1ат.<br><br>Дагъ-лда т1абиг1ат ва нилъ. | ТIабигIаталде экскурсия.<br><br>Хасалихълъиялъул<br><br>тIабигIаталъул суратал.<br><br>Хасалихълъиялъул<br><br>биценкIаби. Кицабазулъ<br><br>хасалихълъиялъул сипатсурат. ПасихIго цIали.<br><br>КучIдул рекIехъе лъазари. | План гIуцIизе. Пласталда рекъон текст мухIканго<br><br>жиндирго рагIабаздалъун бицине. Художествиял асаразулъ кьураб магIарул берцинаб тIабигIат бихьизабизе. Асаразулъ героял рихьизаризе, гьезие характеристика кьезе. |
| 7 | | Чаргъадил т1инч1алъе гьабураб кумек.<br><br>Х1анч1и нилъер гьудулзаби руго.<br><br>Хириял х1анч1и. | | |
| | | Гъарц1и. | | Герояздехун жидер бугеб |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 8 | | Чиги чинаридул гъвет1ги. Херасул гъвет1. | | бербалагьи загьир гьабизе, гьезул ишазе рухIияб къимат кьезе. МугIалимасул кумекалдалъун тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе. БицанкIабазе жавабал кьезе, гьел рекIехъе лъазаризе. Жинца гьабураб жавабалъе къимат кьезе |
| 9 | | Росулъ бижараб кеч1. | | |
| 10 | | Хасалихълъи. Хасалихъе росулъ. Хасалихълъи. | Хасалихъе тIабигIаталъул ва гьеб цIуниялъул, бачIин бакIарияльул ва ахакь, хурзабахъ гьарулел хIалтIабазул хIакъалъулъ къокъал, пасихIал харбал ва кучIдул. | Асаразулъ хасалихълъиялъул гIаламатал рихьизаризе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 11 | | Огь , дир ккараб гъалат1…<br><br>Хасалихъльи. | Лъималазул гIумруялъул ва<br><br>ишазул хIакъалъулъ харбал,<br><br>кучIдул, кицаби ва абиял.<br><br>Лъималаз цоцазе ва чIахIиязе<br><br>гьабулеб кумекалда тIасан<br><br>гара-чIвари.<br><br>ПасихIго цIали. РекIехъе<br><br>лъазаби. Тексталъул тема.<br><br>Тексталъул аслияб пикру.<br><br>Хабаралъул план. | |
| 12 | | Х1алухъен. Росулъ. | | |
| 13 | | Рохь. Хасалихъе къаси мех. | | Хасалил хIакъалъулъ батIи-батIиял шагIирзабаз хъварал асарал дандекквезе. Асаразул текстазде мугъги чIван,<br><br>хасалил тIабигIаталъул суратал рахъизе (бицун). |
| 14 | | К1ух1алав. Хасалихълъи. | | |
| 15 | | Ч1ух1араб гагу. Т1амах. | | |
| 16 | | Гьит1инав бах1арчи.<br><br>Г1андадерил х1орихъ. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Героясе<br><br>къимат кьей.<br><br>Щвараб лъаялъе къимат лъей | |
| 17 | | Ракъи.<br><br>Бокьула мун дие муг1рузул т1алъи. | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. Хасалил тIабигIаталде экскурсия. Хасалил<br><br>хIакъалъулъ бицанкIаби. Хасалил сурат бихьизабизе кумек гьабулел рагIаби. Хасалоялдехун авторасул<br><br>бугеб бербалагьи. ГIелмуябгин | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Харбихъего хъварал асарал рагIун цIализе, кучIдул пасихIго цIализе. Лъурал суалазе жавабал кьезе. Цо чIванкъотIараб темаялда тIаса кIалъазе, гьалмагъзабазул кIалъаялъухъ гIенеккизе. Жидерго халкквеялъул хIакъалъулъ хабар бицине. |
| 18 | | К1иго г1еч. Гъвет1. К1одол гъалат1. | | |
| 19 | | Царал х1алихьалъи. Иргаби | | |
| 20 | | Г1анк1. Маг1арухъ хасалихълъи. | | |
| 21 | | Баркала. Гьудуллъи.Лъималазе. | | |
| 22 | | Ц1алдохъабазде Ц!. Х!амзатил хит1аб. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | нахъгIунтIиялъулаб текст.РекIехъе лъазаби.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | |
| 23 | | Гьудуллъи. К1иго гьудул. Гьудуллъи. | Хъизаналъул ва школалъул, кIудиязулги гIисиназулги цоцадехун букIине кколеб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ кучIдул ва харбал. Ишалъулаб кагъат. | |
| 24 | | Марьям кант1арай куц. Мурад ва гьесул гьудулзаби. | | |
| 25 | | Операция. К1ух1алав ц1алдохъан. | | |
| 26 | | Чаландарил сапар. | | |
| 27 | | Адаб. Лъик1аб щайха малъич1еб. | КучIдул пасихIго цIали.<br>Асаразул героял. Героязул<br>ишазе, гIамал-хасияталъе | Тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе, гьелда цIар лъезе. Героязул сипат-сурат бихьизабизе, гьезул ишазе битIараб къимат кьезе. Герояздехун жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | къимат кьей. Герояздехун<br><br>жидер бугеб бербалагьи.<br><br>ЦIалараб жоялъул магIна<br><br>жидецаго боси.<br><br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | |
| 28 | | Хасалил г1анч1лъи. Хасел .<br><br>Хасало х1орихъ. Херлъараб хасел. | ГIадамазул лъикIабги<br><br>квешабги хьвада-чIвадиялъул,<br><br>цоцазе гьабулеб хIурматалъул,<br><br>яхI-намус бугел унго-унгоял<br><br>гIадамазул хIакъалъулъ харбал | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. РекIел хIал бихьизабулаго, асар цIализе, цIалараб жоялда тIасан жиндирго пикру загьир гьабизе. Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе. Хасалил хIакъалъулъ бицине рес кьолел рагIаби ва предложениял тIаса рищизе.<br><br>План гIуцIизе ва гьелда |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | ва кучIдул. Ролазде бикьун,<br><br>цIали. Асаразул героял.<br><br>Жиндирго пикру загьир гьаби.<br><br>Аслияб магIна загьир гьаби.<br><br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | рекъон тIубанго текст мухIканго жиндирго рагIабаздалъун бицине. Хасалил хIакъалъулъ батIи-батIиял шагIирзабаз хъварал асарал дандекквезе. Асаразул текстазде мугъги чIван, хасалил тIабигIаталъул суратал рахъизе (бицун). ХIасилалда тIасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе. |
| 29 | | Т1аде щвана Ц1ияб сон. Ц1ияб сон. | Хасалил гIаламатазул, ЦIияб<br><br>соналде гьабулеб<br><br>хIадурлъиялъул, хасало<br><br>лъималаз гьарулел<br><br>расандабазул, хIайваназ ва<br><br>хIанчIаз хасел тIамулеб | |
| 30 | | Космонавтал. Г1азу балеб буго. | | |
| 31 | | К1иабилей эбел. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | куцалъул бицунел асарал.<br><br>Хасалил тIабигIаталде<br><br>экскурсия. Хасалил<br><br>хIакъалъулъ бицанкIаби.<br><br>Хасалил сурат бихьизабизе<br><br>кумек гьабулел рагIаби.<br><br>Хасалоялдехун авторасул<br><br>бугеб бербалагьи.<br><br>ГIелмуябгин<br><br>нахъгIунтIиялъулаб текст.<br><br>РекIехъе лъазаби.<br><br>Щвараб лъаялъе | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | къимат лъей. | |
| 32 | | Кинидахъ васасе. Кицаби. Бицанк1аби.<br><br>Бищунго к1удияб бечелъи. Кинидахъ ясалъе. | Тема лъазабиялда тIад<br><br>гьабулеб хIалтIул план гIуцIи.<br><br>Халкъалъул кIалзул гьунар. 2<br><br>абилеб классалъул<br><br>цIалдохъабазе мустахIикъал<br><br>захIматалъул, хIайваназул,<br><br>гIажаибал лъугьа-бахъиназул,<br><br>лъикIлъи-квешлъиялъул,<br><br>гьудуллъиялъул, ВатIаналъул, | Халкъалъул кIалзул гьунаралъул асарал цоцаздаса ратIарахъизе. Кицаби, абиял, бицанкIаби, кучIдул ва маргьаби пасихIго цIализе. БицанкIабазе жавабал кьезе, кицабазул ва абиязул магIна баян гьабизе. |
| 33 | | Бах1арчияв вас. | | Маргьабазул героял рихьизаризе, героязгьарулел ишазул анализ гьабизе ва гьел ишал ритIухъ гьаризе гIилла бачине. Героязе къимат кьезе. Маргьабазул аслияб пикру загьир гьабизе. Маргьабазулъ ругел диалогал пасихIго цIализе. Щвараб лъаялъе жинцаго къимат кьезе. |
| 34 | | Их щолеб буго. Их.<br><br>Их . Ихдалил г1аламатал. | | Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе. КучIдул ва кицаби пасихIго цIализе; интонациялдалъун, цIалул |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | чIухIиялъул хIакъалъулъ<br><br>бицунел халкъиял маргьаби,<br><br>кучIдул, кицаби, абиял ва | хехлъиялдалъун ва гьаркьил къуваталдалъун рекIел хIал бихьизабизе. Авторасул рекIел хIалги гьес бижизабураб тIабигIаталъул суратги бихьизабизе кумек гьабулел рагIаби кучIдузулъ ратизе. |
| 35 | | Имам Шамиль | бицанкIаби. Бицардаби.<br><br>Къиса. Маргьабазул героял.<br><br>Маргьабазул аслияб пикру.<br><br>Халкъиял ва литературиял<br><br>маргьаби дандекквей.<br><br>Маргьабазулъ ругел диалогал<br><br>пасихIго цIали. Ролаздеги | Асарал пасихIго цIализе. Тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе, кIвар бугел яги аслиял рагIаби рихьизаризе. Кициялъул магIна асаралъул хIасилалда бухьине. КечI рекIехъе лъазабизе. Жиндирго пикруги загьир гьабун, асаралъул героязул бицине. Дагъистаналъул бахIарзазул хIакъалъулъ бицине. Биценалъул хаслъи бихьизабизе. Асаралда релълъараб хабар гIуцIизе. Суалазда рекъон хIасил бицине. Героязул ишазе, гIамал-хасияталъе къимат |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | бикьун, цIали.<br><br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | кьезе. Герояздехун ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. Героязул сипат-сурат |